| ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ **ФАРМОЙИШИ** | ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ **БИЙЛИГИ** |
| --- | --- |
| Нукус шаҳри | Нөкис қаласы |

№ **95-б** «**3**» **май** 20**17** й.ж

Өзбекистан Республикасы Президентиниң «Ҳүрметли атақлар ушын төлемлер муғдарын асырыў ҳаққында»ғы 2007-жыл 17-декабрьдеги ПФ-3942-санлы Пәрманы, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2007-жыл 31-декабрьдеги 150/12-санлы ҳәм 2014-жыл 28-июнь күнги 177-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2017-жыл 23-марттағы 08-10/1-03/8-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2017-жыл 3 апрельдеги БУ/03-02/647-санлы хатын инабатқа алып:

1. Қарақалпақстан Республикасындағы Ҳүрметли атақ ийелерине 2017-жылдың 1-шерегинде төлениўи зәрүр болған төлемлерди әмелге асырыў ушын Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң сақлаўлы қоры есабынан ажыратылсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер басқармасы (М.Джуманиязов) Өзбекистан Республикасы бюджети есабынан қаржыландырылатуғын бюджет мәкемелеринде ислеўши хызметкерлерге **17 793 270** *(он жети миллион жети жүз тоқсан үш мың еки жүз жетпис)* сум муғдарында қаржы төлемлерди **1-қосымшаға** муўапық ажыратыў тапсырылсын.

3. Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги жанындағы Бюджеттен тысқары Пенсия қорының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (Б.Пирниязов) Өзбекистан Республикасының басқа аймақларында жасаўшы пенсия алыўшы Қарақалпақстан Республикасы Ҳүрметли атақ ийелерине **13 839 210** *(он үш миллион сегиз жүз отыз тоғыз мың еки жүз он)* сум, муғдарында қаржы төлемлерди **2-қосымшаға** муўапық ажыратылыўын тәмийинлесин.

4. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер басқармасы (М.Джуманиязов) Өзбекистан Республикасының республика бюджети ҳәм басқа да ўәлаятлар бюджетинен қаржыландырылатуғын бюджет мәкемелеринде ислеўши қәнигелер ҳәмде Өзбекистан Республикасында турақлы жасаўшы, бирақ Қарақалпақстан Республикасынан тысқарыда жасаўшы пенсионерлерге 2017-жылдың 1-шереги ушын тийисли **31 632 480** сум муғдарындағы төлемлерди ҳәм 1-шереги ушын ажыратпаға 25 пайыз **4 448 318** сум, жәми **36 080 798** сум *(отыз алты миллион сексен мың жети жүз тоқсан сегиз)* сум муғдарындағы төлемлерди жергиликли бюджет параметрлериниң дараматлар режесиниң артық орынланыўы есабынан әмелге асырыў тапсырылсын.

5. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлиги (Б.Утамбетов) Ҳүрметли атақ ийелерине белгиленген муғдарында төленетуғын қаржыларды өз ўақтында ажыратылыўын тәмийинлесин.

6. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Ислер Басқармасы (М.Джуманиязов)на ҳәм Өзбекистан Республикасы Финанс министрлиги жанындағы Бюджеттен тысқары Пенсия қорының Қарақалпақстан Республикасы басқармасы (Б.Пирниязов):

- ажыратылған қаржылардың ҳүрметли атақ ийелерине өз ўақтында төлениўин тәмийинлеў;
- ҳәр айда ҳүрметли атақ ийелери дизимин алып барыў ҳәмде жыл даўамында шерек жуўмағы бойынша төлемлерди әмелге асырыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң бийлигин шығарыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигине сораўнама киргизип барыў тапсырылсын.

7. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары М.Содиқовқа жүкленсин.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесиниң Баслығы** **К.Сариев**

QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR MAHKAMASI UMUMIY BO'LIM / QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MINISTRLER KENESI ULIWMA BO'LIM